



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI POU KONBAT PRATIK ENJIS ACHA  
AK REVANT TIKÈ YO**

***Nouvo Lwa A Fè Li Vin Ilegal Pou Revann Tikè yo Ke Yo Jwenn Apati  
“Ticket Bots”***

***Ogmante Sanksyon Kriminèl yo pou Sila yo Ki Ak tout Konesans yo Ap Revann  
Tikè Ke Yo Jwenn Apati yon “Ticket Bot”***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa pou konbat pratik enjis ak ilegal acha ak revant tikè yo. Dokiman lwa (S.8123/A.10713) kreye nouvel sanksyon yo pou moun ki itilize pwogram enfòmasyon òdinatè ke yo konnen sou non “ticket bots” pou manipile sistèm ki konsewa pou limite kantite tikè ke yon moun kapab achte pou yon aktivite. Tikè sa yo ke yo achte yon fason ilegal, yo te alafen revann yo sou sitwèb plas mache tikè yo pou pri ki vrèman chè. Anba nouvo pwojè lwa a, moun yo ki ap revann tikè yo ke yo konnen ke yo te jwenn apati itilizasyon wobo tikè yo pral fè fas tou a nouvel sanksyon yo.

“Espekilatè san eskripil yo ansanm ak taktik avegle yo te manipile plas mache a, epi souvan yo kite Nouyòkè menm jan ak vizitè yo ak ti chwa piti ki pa ba yo lòt opsyon ke achte tikè yo sou mache segondè an a yon pri ki ekzòbitan,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Se yon bagay predatè, sa pa bon epi, ak pwojè lwa sa, nou ap franchi yon etap enpòtan ki ap retounen retabli jistis ak ekite nan endistri milti milya dola sa. Mwen remèsye Avoka Jeneral Schneiderman ansanm ak esponsò pwojè lwa sa yo poutèt dilijans ak travay di yo pou fè pase mezi sa ke yo bezwen anpil.”

“Nan ane resan yo, li te vin prèske enposib pou jwenn tikè ki a pri abòdab yo – oubyen pa menm jwenn tikè ditou – pou tout espektak popilè yo,” **se sa Eric T. Schneiderman, ki se Avoka Jeneral New York, te deklare.** “Koutye yo ki ame ak wobo acha tikè ki a wot vitès, ki ilegal, yo te anpeche twòp Nouyòkè patisipe nan espektak yo, aktivite espòtif yo, ak eksperyans kiltirèl yo ki fè New York espesyal konsa. Mwen te onore pou mwen travay ansanm ak Gouvènè Cuomo, Lin-Manuel Miranda, Manm Asanble Crespo, ak Senatè Lanza, epi pou fè nouvel lwa sa pase, ki pral ale lwen pou pote finalman bon sans--ak jistis--nan pwosesis acha tikè a.”

**Senatè Andrew J. Lanza te deklare,** “Lè mwen te vin tounen Prezidan Komite Ankèt Sena a (Senate Investigations Committee), mwen te jire pou fè pase pwojè lwa ki pou konbat pwogram koutye tikè wobotik yo ke espekilatè san eskripil yo te itilize pou manipile sistèm lan, epi anpeche elektè ak fanatik mwen yo atravè New York gen yon

chans ki jis lè y'ap achte tikè divètisman yo. Lwa sa, ki reprezante pwojè lwa 'anti-bot' ki pi solid nan nasyon an, li pral ogmante sanksyon yo pou sila yo ki itilize Wobo yo, li pral ede mete fen nan pri tikè k'ap monte yo epi asire ke konsomatè yo gen yon chans ki jis pou achte tikè yo pou aktivite espòtif favori yo an yo, konsè ak espektak yo. Antan ke premye esponsò Sena a pou dokiman lwa sa, mwen ta renmen remèsye Manm Asanble Crespo, Avoka Jeneral Schneiderman, ansanm ak Gouvènè Cuomo poutèt travay di ak detèminasyon yo.”

“Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa pou ede kenbe entegrite sistèm acha tikè a,” **se sa Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta New York, te deklare, li ki gen Depatman Eta li a ki bay machann ak revandè tikè yo lisans.** “Nouvèl lwa sa yo pral rann aksè a aktivite yo vin pi ekitab pou tout Nouyòkè yo epi an dènye lye, rann li pi abòdab pou konsomatè yo.”

Nouvo pwojè lwa a elaji definisyon pwogram enfòmàtik acha tikè an pou enkli gwo varyete sistèm yo ki itilize pou akimile tikè yo rapidman anvan piblik jeneral la kapab jwenn aksè a yo. Li etabli sanksyon non sèlman pou itilizasyon pwogram enfòmàtik acha tikè an, men tou pou nenpòt moun ki ap revann tikè ke yo konnen ke yo te jwenn atravè itilizasyon yon wobo tikè.

Lwa a etabli tou yon enfraksyon klas A poutèt itilizasyon wobo tikè yo, ki ap mentni yon enterè nan oswa kontwòl “wobo”, epi ki ap revann tikè yo an tout konesans ak wobo tikè yo. Moun ki vyole lwa yo kapab fè fas a gwo amann ak anprizònman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418